

Aktivite Matematik Familyal Explore

Yo adapte de aktivite annapre la yo apati pwogram detid Building Blocks, ke yo mete anplas anjeneral nan salklas Explore pre-Kindègadenn. Aktivite yo adapte pou timoun laj twa a kat lane epi yo ka fèt nan kay fasilman avèk fanmi ak lòt moun k ap okipe timoun yo, avèk tikras materyèl nesesè. Yo fèt pou yo rekreyatif ak amizan, pandan y ap soutni tou devlopman timoun yo nan anviwònman lakay yo.

Aktivite 1: Nonb Mwenmenm

Materyèl ki Nesesè: Okenn

Kijan pou jwe:

- Nan yon konvèsasyon amizan ak rekreyatif, fè konvèsasyon avèk timoun yo apwopo nonb, anrapò avèk timoun yo. Ankouraje pou yo reponn avèk mo epi montre ou kantite dwèt sa
 - “Ki laj ou?”
 - “Konbyen bra ou genyen?”
 - “Montre m 2 pye ou”
 - “Montre m 5 dwèt”
 - “Ajite 2 pye ou”
- Pran plezi fè erè pou yo ka korije ou
 - “Montre m 3 zye ou”
 - “Non, mwen gen 2 zye!”

Poukisa jwèt sa a?

- Jenn timoun yo aprann pi byen lè sa y ap aprann lan konsène yomenm.
- Jenn timoun yo renmen sa, lè granmoun yo fè erè epi yo kapab korije yo.

Aktivite 2: Jounen Nou

Materyèl ki Nesesè: Makè, papye

Kijan pou jwe:

- Trase oswa enprime imaj ki reprezante chak pòsyon nan jounen an; reveye, dejene, lekti, jwe, manje midi, elatriye.
- Ede timoun ou an òganize imaj yo nan lòd yo rive. Pandan w ap pale sou orè a, itilize mo òdone (premye, dezyèm, twazyèm, elatriye) oswa mo ki pale de sekans ak tan (premye, pwochen, dènye, anvan oswa apre).

Poukisa jwèt sa a?

- Itilizasyon mo pou dekri lòd pral ede timoun yo fini pa mete nonb yo annòd.
- Timoun yo aprann lè bagay yo gen yon siyifikasyon nan lavi pa yo. 60 minit nan yon èdtan se yon konsèp abstrè, men “tan jwèt vini **apre** lekti” se yon bagay ki pi konkrè ak pi fasil pou jenn timoun yo konprann.
- Woutin reprezante yon konfò pou timoun yo. Imaj yo pèmèt timoun yo wè ak jwenn konfò nan sa ki pral rive annapre.

Tout Aktivite Matematik Familyal Explore yo adapte apati Building Blocks, © Clements & Sarama, 2013, McGraw-Hill Education.